
NORTHERN BLACK WATTLE

Akasya, Gous Zorèy, Ear Leaf, Acacia, Auri

Acacia auriculiformis

Fanmi Fabaceae/Leguminosae

FICH TEKNIK ECHO

DESKRIPSYON: Se yon plant natif-natal Savann Papwa nan Nouvel Ginen ak rejyon tropikal Nò Ostrali. Entwodiksyon-l te fet nan Fiji, End, Endonezi, Java, Malezi, Nijè, Nijerya, Filipin, Tanzani, Tayland, il Salomon yo, Ouganda, ak Zanziba. Fey Akasya toujou vet. Li bay bel flè jòn klè. Pyebwa sa grandi vit pou rive nan tay medyom 8-30 m (26-100 pye) otè. Dyamet twon an varye bò 60 sm (24 pous). Li fikse azot nan tè byen, epi li rejenere rapidman. Akasya gen abilite pou viv plis pase 20 ane nan tè ki kontamine ak debri iranyom.

ITILITE: Bwa-a bon pou boule. Se yon onemantal ki fè lonbraj. Li bon tou pou fè meb ak zouti. Tanen ki nan *A. auriculiformis*-la bon pou vènisaj tchwi, tente-l rouj tankou li te ekspoze a soley. Yo itilize-l tou pou make limit teren, rehabilite tè erode, reforestasyon, pou fè lonbraj tankou plant onemantal.

KILTI:

- **Altitud:** 0-600m (0-2000pye)
- **Sol:** tolere sol konpakte, enstab, alkaline, asidik, ki kenbe dlo ou sek.
- **Lapli:** reziste sezon sechres pou 120-240 jou
- **Jeminasyon:** pi bon si grenn yo tranpe nan dlo 24 è avan plantasyon.
- **Latitud:** 7-20°S

Li grandi natirelman nan te-ba, kotyè, bo kouran dlo, nan savann ak zon adjasan mangrov, deyè plaj. Li grandi tou nan pant red. Van kase branch li yo fasilman. Plant la two rezistan nan dife.

REKOT AK PWODIKSYON SEMANS: Northern Black Wattle ka grandi rive 20m (65 pye) nan ka rotasyon chak 10 ane. Semans yo konsève pou 18 mwa si yo pa ekpoze nan van lib. Bwa li pa di. Kote bwa sa plante anpil plantil leve paske li jete anpil semans. Lè twon-an koupe li rejenere rapidman. Nan yon ane li ka pwodwi 10-20 m³ bwa pou chak ekta (ha).

PES AK MALADI: Jouk kounye-a pa gen anpil enfomasyon sou pes ki atake *A. auriculiformis* (Akasya zorey-la), ni maladi. Nan kek pepinye Endonezi, yo te rankontre: maladi champiyon *Uromyces digitatus* bay. Maladi sa afekte kwasans plant yo, pouriti rasin *Ganoderma lucidum* ak *G. applanatum* lakoz, ak poud mildou *Sphaeroteca spp.* Bay. Nan End te gen pwoblem ak *Hypomeces squamosus*, epi nan Ostrali te gen pwoblem borè ak tèmit ki andomaje madriye. Zanziba te rapote kek ensek ak kek nematod ki andomaje plantil.